



MOIS DU CRÉOLE À MONTRÉAL - 25^E ÉDITION MWA KREYÒL MONREYAL – 25ÈM EDISYON

KOMINIKE POU LAPRÈS Pou difizyon san pèdi tan

AN OKTÒB 2026, ANN SELEBRE ANSANM 25 LANE MWA KREYÒL LA!

KEPKAA envite tout popilasyon Monreal la mete men ansanm pou reyisi 25yèm edisyon « Mwa Kreyòl » la

Monreal, jiyè 2026 — Se nan Monreal, **5 oktòb 2002**, anba lidèchip KEPKAA, « Mwa Kreyòl » la te wè limyè pou premye fwa. Ane sa a, gwo mouvman kiltirèl sa a ap selebre **25yèm anivèsè** li. Depi yon ka de syèk, « Mwa Kreyòl » la ap rasanble tout pèp kreyolofòn yo pou selebre lang yo, kilti yo ak eritaj yo, pandan li ap bati pon ant diferan kilti epi monte drapo lang ak kilti kreyòl yo byen wo nan Kebèk, Kanada ak sou sèn entènasyonal la.

Soti 3 pou rive 30 oktòb 2026, KEPKAA (**Komite Entènasyonal pou Pwomosyon Kreyòl ak Alfabetizasyon**) ap prezante nan Monreal yon edisyon anivèsè ki pa tankou lòt yo. Pwogram nan ap ofri konsè, pyès teyat, ekspozisyon, konferans, tab wonn, aktivite pou jèn yo, rankont literè, atelye, aktivite entèkiltirèl, ansanm ak **5yèm Salon Liv Kebèk–Karayib–Oseyan Endyen** an.

Pou make etap enpòtan sa a, KEPKAA lanse yon gwo apèl bay tout popilasyon Monreal la. Fanmi, atis, lekòl, inivèsite, bibliyotèk, mezon lakilti, òganizasyon kominotè, komèsan, antrepriz, restoran, ansanm ak tout sitwayen ak sitwayèn yo envite pou fè 25yèm edisyon « Mwa Kreyòl » la tounen yon selebrasyon ki pou tout moun.

Tout moun kapab pote kole nan fason pa yo. Gen moun ki ka òganize yon aktivite, resevwa yon ekspozisyon, prezante yon espektak, fè dékouvri yon atis oswa yon ekriyen, pwopoze yon konferans, fè moun goute manje kreyòl, prepare yon vitrin espesyal, fè mizik kreyòl sonnen lakay yo oswa nan biznis yo, oubyen senpleman patisipe nan aktivite ki nan pwogram nan. Chak jès konte. Chak patisipasyon ap fè « Mwa Kreyòl » la vin pi rich toujou.

Youn nan pi gwo moman selebrasyon an ap fèt **samdi 3 oktòb 2026** nan « **Monument-National** », avèk gwo konsè ouvèti a ki pral resevwa **Jocelyne Béroard, Tony Chasseur** ak plizyè atis Monreal tankou Jean-Christophe Germain, Rebecca Jean, Harold Faustin & Samina. Sware sa a pral montre tout richès, divèsite ak fòs kilti kreyòl yo, kit yo soti isit, kit yo soti lòt kote.

Kominike sa a se premye envitasyon ofisyèl KEPKAA ap lanse pou mobilize popilasyon an. Nan kòmansman mwa septanm, òganizasyon an ap prezante pwogram ofisyèl la, non atis envite yo, patnè yo ak tout gwo aktivite ki pral make 25yèm edisyon istorik sa a.

Depi kounye a, KEPKAA envite medya yo, enstitisyon yo, lekòl yo, inivèsite yo, òganizasyon kiltirèl ak kominotè yo, antrepriz yo, bibliyotèk yo, atis yo ak tout popilasyon an pou pran angajman nan selebrasyon sa a. Kit kontribisyon an piti, kit li gwo, li ap ede fè mwa oktòb 2026 la tounen yon mwa dyalòg, dekouvèt, solidarite ak fyète pou Monreal ak pou tout kominote kreyolofòn yo.

Ann mete men ansanm pou fè mwa oktòb 2026 tounen mwa kote Monreal ap selebre, plis pase tout tan, richès lang ak kilti kreyòl yo. Ansanm, ann fè 25yèm edisyon Mwa Kreyòl la tounen yon evènman ki pral make listwa.

Enfòmasyon epi sous :

Sèvis Kominikasyon KEPKAA

Komite entènasyonal pou pwomosyon kreyòl ak alfabetizasyon
514 802-0546 ou kepkaa@videotron.ca